



PA KITE MARENGWEN MÒDE OU

Pwoteje Tèt Ou

Kont Maladi

Marengwen Simaye



Marengwen yo pa sèlman nwizib. Yo kapab simaye viris Nil Oksidantal la ak lòt maladi.

Marengwen yo kapab pote viris Nil Oksidantal nou jwenn nan kat kwen Etazini, tankou Vil New York (NYC). Pifò moun ki enfekte ak viris Nil Oksidantal la pa gen okenn sentòm, men viris la kapab grav kay granmoun ki pi aje yo ak moun sistèm iminitè yo afebli.

Yo poko jwenn Zika, yon lòt viris marengwen yo pote, nan Vil New York. Men marengwen ki lòt kote kapab pote viris la. Jwenn dènye kote ki afekte avèk Zika sou sitwèb [cdc.gov/zika](https://www.cdc.gov/zika). Pa vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika pandan ou ansent oswa pandan w ap eseye vin ansent.


Tiliv sa a ofri konsèy sou fason ou kapab evite marengwen mòde ou ak anpeche maladi yo simaye yo.

Fason Pou Pwoteje Tèt ou

- Mete chemiz manch long, pantalon, ak chosèt lè ou deyò.




- Itilize yon pwodwi ki pouse ensèk ki gen picaridin, DEET, lwil ekaliptis oswa R3535. Toujou swiv enstwiksyon ki sou etikèt la.



- Eseye rete lwen zòn ki gen ti pyebwa ki bay lonbraj—sa se kote marengwen yo renmen rete.



- Asire pòt yo ak fenèt yo gen griy pwoteksyon ki byen sere. Repare oswa ranplase griy ki gen kote ki chire oswa ki gen twou.



**Rele 311 pou rapòte dlo-dòmi.
Depatman Sante ap fè ankèt
sou tout rapò dlo-dòmi ant
1ye avril ak 31 oktòb.**

Fason Pou Redwi Marengwen Bò Lakay ou

Marengwen yo bezwen dlo pou yo ponn ze yo. Menm chak ti gout dlo, nan yon espas piti tankou bouchon yon boutèy, kapab yon kote pou yo peple. Bay kontribisyon pa ou pou elimine dlo-dòmi:

- Elimine atik tankou vye kawotchou, boutèy oswa galon, po plastik ak po seramik ou jete, ak lòt resipyan ki kapab pran dlo-dòmi.



- Lè ou p ap itilize yo, chavire pisin gonflab yo, bouwèt yo ak atik ou kapab retire oswa ou estoke nan lakou ou.

- Kenbe kanivo yo vid epi asire yo degoute kòrèkteman.

- Netwaye epi antreteni pisin yo, aparèy pou pran beny vapè ak benywa dlo cho ki deyò yo. Degoute atik sa yo epi kouvri yo lè ou p ap itilize yo.



- Netwaye basen zwazo yo epi chanje dlo ladan yo souvan.

- Antreteni basen dekoratif yo avèk pwason ki manje lav marengwen, kenbe ma dlo yo ayere oswa trete ma dlo yo ak Bti (*Bacillus thuringiensis israelensis*, e.g., Mosquito Dunks™) nan dlo a.

Fason Minisipalite Vil la Kontwole Marengwen

Men kijan Vil la ap travay pou kontwole ak redwi kantite marengwen ki genyen:

- Montre Rezidan New York yo kijan pou yo pwoteje tèt yo kont marengwen
- Retire dlo-dòmi
- Mete lav pou tiye jenn marengwen yo
- Flite pestisid pou touye marengwen ki adilt yo
- Pyeje epi teste marengwen yo pou detèmine ki kote marengwen ki enfekte yo ye

Depatman Sante bay alèt pou piblik la konsènan aktivite kamyon ak elikoptè k ap flite omwen 24 a 48 èdtan anvan aktivite a.

Pwoteje Tèt Ou ak Fanmi ou Kont Pestisid yo

Risk pestisid Depatman sante aplike pou kontwòl marengwen yo fèb pou moun ak bèt yo. Kèk moun ki sansib ak engredyan yo flite a ka gen iritasyon nan zye oswa nan gòj, oswa yon gratèl pandan yon ti tan. Moun ki gen pwoblèm opresyon ak lòt pwoblèm respiratwa ka afekte tou.


Pandan y ap flite a:

- Rete andedan kay la, nenpòt lè li posib.
- Klimatizè yo dwe rete limen. Malgre li pa nesesè, ou ka vle fèmen vantilatè klimatizè ou, oswa chwazi fonksyon pou resikile lè a.

Aprè yo fin flite a:

- Malgre li pa nesesè, ou ka lave jwèt ak ekipman deyò ak savon ak dlo.
- Lave po ak rad ki te an kontak ak pestisid avèk savon ak dlo.
- Toujou lave fwi ak legim avèk dlo.

Si ou gen reyaksyon grav nan pestisid nou flite yo, rele doktè ou oswa Sant Kontwòl Pwazon (Poison Control Center) Vil New York nan nimewo 1-800-222-1222.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou **marengwen ak maladi yo simaye**, rele 311 ale sou sitwèb **nyc.gov/health/mosquito** oswa **cdc.gov** epi chèche **mosquitoes** (marengwen).

Pou dènye nouvèl sou **kote y ap flite marengwen**, enskri pou NotifyNYC, swiv Depatman Sante (Health Department) sou Twitter @nycHealthy, rele 311 oswa ale sou sitwèb **nyc.gov/health/mosquito**.

Pou rapòte **dlo-dòmi**, ale sou **nyc.gov** epi chèche **Standing Water** (dlo-dòmi) oswa rele 311.